



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI SANT EVÈNMAN TÈMONAL B A AK BELL SLIP PANDAN YO AP SELEBRE EKLIPS LA SOU OUTER HARBOR BUFFALO A

Pwojè yo ajoute sou dinamisite ak aksè piblik ak litoral Buffalo a

Foto Sant Evènman Tèminal B a disponib [isit la](#)

Foto pwojè amelyorasyon Bell Slip yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti Sant Evènman Tèminal B ak Bell Slip ki fèk amelyore sou Outer Harbor (Pò Eksteryè) nan Buffalo. Tou de pwojè Kòporasyon Devlopman Pò Kanal Erie (Erie Canal Harbor Development Corporation) bay rezidan yo ak vizitè yo nouvo fason pou jwenn aksè ak jwi tout ekipman ak atraksyon Outer Harbor yo. Anons jodi a kowenside ak eklips solè total ki ra ki pase atravè Lwès New York, yon evènman ki prevwa tou atire foul moun bò litoral Buffalo a.

"Sant Evènman Tèminal B a ak Pwojè Amelyorasyon Bell Slip yo reprezante pwochen faz nan transfòmasyon Outer Harbor Buffalo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yo pral ede asire jenerasyon Nouyòkè Lwès yo pral kontinye jwi litoral la, ak tout bote natirèl li yo ak opòtinite lwazi yo. Li apwopriye pou nou ouvri sit sa yo nan menm jou nou te asiste yon eklips solè total - yon spektak jenerasyonèl."

Sant Evènman Tèminal B 13 milyon dola (foto yo [isit la](#)) kreye yon nouvo sant evènman deyò ak espas ouvè ki antoure nan reyabilite yon estrikti vid epi itilize pakin ki egziste deja, pandan y ap reipere 2.8 ekta tè pwopriyete ki kontamine pou ouvri aksè piblik adisyonèl ak nouvo panorama ki bay sou lak la. Pwojè a te konvèti estrikti ki te fèmen ki mezire 100,000 pye kare ki deja egziste a an yon estrikti ki ouvri ki gen yon sèn ovan ki pral sèvi pou pèfòmans, evènman san bi likratif, ak òganizasyon kiltirèl yo. Ansanm ak baz estrikti evènman an, yo te ajoute nouvo fondasyon peyizaj ak eskalye pou amelyore aksesibilite. Yo pral renove chemen an asfalt ki egziste deja a, ak yon pasrèl segondè ki te ajoute alantou gazon an pant lan, sa ki konekte ak Gazon Lakeside ki egziste deja ak santye sikilasyon an. Yo te enstale ekleraj sit la ak mezi sekirite toupre estrikti a ak sou chemen pyeton yo ki mennen nan antre prensipal la. Anvan yo te itilize l kòm yon etablisman depo, se premye fwa Tèminal B aksesib pou piblik la depi 1967.

Yo te etabli tou yon gazon an pant ak zòn abita lokal sou sit la, sa ki kreye yon anvivònman natirèl. Nan gazon an pant lan gen yon teras ki bay yon panorama sou dlo a. Kondisyon tè nan tout sit pwojè a te amelyore swivan règleman Depatman Konsèvasyon Anvivòmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York yo. Yo te ajoute nouvo pye bwa, ti pye bwa ak zòn preri pou divèsifye plant pou sipòte zwazo ki an migrasyon ak zwazo k ap fè nich yo.

Pwojè Amelyorasyon Bell Slip ki koute 5 milyon dola (foto [isit la](#)) ajoute anpil ekipman ke yo t ap chèche depi lontan nan Outer Harbor Buffalo a, ki gen ladan yon bilding twalèt piblik ak yon pakin adisyonèl nan yon lokal santral. Gen yon zòn syèj ki kouvri ki sitiye sou yon bò nan bilding twalèt la, anfas Bell Slip. Yon nouvo teras ak panorama sou Bell Slip tou pèmèt piblik la vin pi pre bò dlo a epi chemen pou pyeton ak bisiklèt yo yon ti kras modifiye pou bay yon koneksyon ak Boulva Fuhrmann. Yon gwo pati nan sit la gen ladan amannman sòl ak amelyorasyon peyizaj, tankou forè, preri, gazon ak jaden polinizatè.

Orè evènman pandan Ete 2024 la nan Canalside ak Outer Harbor la pral pibliye byento sou buffalowaterfront.com. Outer Harbor Live! nan Tèminal B pral demare 24 me ak Chappel Roan.

Se Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ki bay finansman pou Sant Evènman Tèminal B a atravè akò renouvèlman lisans ki asosye ak operasyon Niagara Power Project la. NYPA te transfere tè pou pak la bay ECHDC nan mwa me 2012 kòm yon pati nan akò règleman pou renouvle lisans Buffalo ak Konte Erie pou Pwojè Enèji Niagara a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Ogmantasyon Outer Harbor yo byen keyi sa yo pral pote plis dinamisite, ansanm ak aksè piblik amelyore, nan youn nan destinasyon ki pi agreyab nan Lwès New York la. Lò nou avanse vizyon Gouvènè Hochul pou bòdmè Buffalo a, ete sa a pral yon sezon ki pa ka rate nan Outer Harbor."

Prezidan ECHDC Joan Kesner, te deklare, "Nou akeyi piblik la nan de bèl nouvo destinasyon sa yo ki plis konekte vil la ak litoral Buffalo a. Kit w ap chèche patisipe nan yon konsè, pwomnad bò dlo oswa jwi yon retrè trankil, administrasyon Gouvènè Hochul la ap travay di pou ouvri litoral nou an epi fè li yon kote pou tout moun jwi. Amelyorasyon sa yo bati sou pwojè enteresan ki fèk fini oswa ki sou konstriksyon nan Canalside ak Outer Harbor."

Prezidan NYPA ak Rezidan Buffalo John R. Koelmel te deklare, "Kòm yon pati nan akò renouvèlman lisans ki asosye ak operasyon Niagara Power Project, finansman NYPA ap sipòte redevlopman litoral Buffalo a, ki te emèje kòm yon destinasyon rejyonal premye plan sou lidèchip Gouvènè Hochul. Sant Evènman Tèminal B ak Bell Slip ki fèk amelyore se dènye ogmantasyon nan Outer Harbor Buffalo a epi yo pral bay aksè ak plis ekipman adisyonèl nan zòn nan, sa ki rann li pi fasil pou Nouyòkè nan rejyon Lwès yo ak fanmi yo pwofite opòtinite ak evènman lwazi."

Litoral Buffalo ak devlopman li se priyorite pou Gouvènè Hochul, ak seremoni koupe riban jodi a kòm dènye etap enpòtan nan yon seri anons li sou litoral Buffalo a. Pwojè Amelyorasyon Wilkeson Pointe lan, ki te kòmanse nan sezon otòn 2023, gen ladan plis mezi sekirite pou vizitè yo, tankou elwanye pakin lwen dlo a ak nan yon distans ak santye pyeton sit la. Pwojè a pral gen ladan yon nouvo bilding pou sèvis manje, twalèt, ak yon nouvo zòn pou chita deyò swa sou patyo a oswa anndan yon anviwònman plaj. Nouvo konsepsyon an mande pou santye ki egziste deja yo deplase epi elve tou pre bò dlo a. Yo pral amelyore jaden an nan sit la ak plante espès natirèl, kreye preri, gazon ak jaden polinizatè. Pandan konstriksyon, piblik la pral gen aksè limite ak Wilkeson Pointe lan. Pwojè Amelyorasyon Wilkeson Pointe lan ta dwe fini an 2025. Gade reprezantasyon grafik yo [isit la](#).

Senatè Eta a Tim Kennedy te deklare, "Sant Evènman Tèminal B a se yon lòt investisman ankò nan vizyon alontèm pou Outer Harbor Buffalo a epi pou asire bòdmè nou an rive jwenn tout potansyèl li. Espas ouvri sa a enkòpore peyizaj natirèl ki egziste deja a, epi kreye yon eksperyans pou aktivite deyò san parèy - youn ki pral sèvi kòm twal defon pou konsè ak evènman, epi ki pral atire dè santèn milye nouvo vizitè chak ane."

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Mwen te fè anpil defans pou reklamasyon kontinyèl tè ki aksesib piblikman ozalantou Outer Harbor vil nou an, epi ouvèti Sant Evènman Tèminal B ak Bell Slip ki amelyore a se yon bèl kontinyasyon. Nouvo Sant Evènman an re-itilize yon fason adaptif yon estrikti ki te vid anvan epi li reklame prèske twa ekta tè pou ouvri plis toujou bòdmè nou an pou piblik la. Avèk yon seri evènman ete ki pwograme nan Canalside ak Outer Harbor, Buffalo byen sou wout pou l sèvi ak pi gwo trezò ak pi gwo resous natirèl li yo. Mwen vle remèsye Kòporasyon Devlopman Pò Kanal Erie a, Otorite Enèji New York la ak Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl yo pou pwogrese sou bòdmè rejyon nou an."

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, "Se bèl bagay pou w wè ouvèti Sant Evènman Tèminal B ak Bell Slip sou Outer Harbor a. Sa yo se bèl ogmantasyon nan bòdmè k ap grandi nou an. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou sipò kontinyèl li nan devlopman Buffalo."

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz, te deklare, "Devlopman enteresan sa yo nan nouvo Sant Evènman Tèminal B ak Bell Slip la ap fèt jis atan pou mwa cho k ap vini yo epi asireman yo ak ogmantasyon ke yo byen akeyi nan Outer Harbor. Ogmante aksè ak litoral ak bay ekipman ki nesèsè pou vizitè yo jwi tan yo bò dlo a se investisman ki amelyore kalite lavi ak kreye gwo eksperyans pou tout moun, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl nan pwojè tankou sa a."

Prezidan Konsèy Buffalo Common lan, Christopher P. Scanlon, te deklare, "Ouvèti Sant Evènman Tèminal B a ak Pwojè Amelyorasyon Bell Slip la make yon etap enpòtan eksitan pou bòdmè Buffalo a, sa ki amelyore dinamisite ak aksè piblik pou rezidan yo ak vizitè yo. Pwojè k ap kontinye yo, tankou ouvèti Sant Evènman Tèminal B a, reprezante

envèstisman enpòtan ki koute plizyè milyon dola nan vil nou an, sa ki bay nouvo opòtinite pou evènman kiltirèl, lwazi deyò, epi jwi bote natirèl Outer Harbor a. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak tout moun ki enplike yo pou devouman yo nan revitalize bòdmè nou an ak kreye espas ke jenerasyon k ap vini yo pral jwi."

Enfòmasyon sou Erie Canal Harbor Development Corporation a

Se yon konsèy ki gen nèf manm, kote gen sèt direktè ki gen dwa pou vote ak de (2) direktè dofis ki pa gen dwa pou vote, ki ap dirije Kòporasyon Devlopman Kanal Pò Erie (Erie Canal Harbor Development Corporation, ECHDC) a. Gouvènè Eta New York la te rekòmande sèt direktè ki gen dwa pou vote yo, epi se Kòporasyon Devlopman Iben Eta New York (New York State Urban Development Corporation) lan ki fè biznis kòm Empire State Development lan antanke sèl aksyonè ECHDC ki nonmen yo. De pozisyon direktè dofis ki pa gen dwa pou vote yo se Egzekitif Konte Erie a ak Majistra Vil Buffalo a.

Antanke filyal Empire State Development, ajans prensipal devlopman ekonomik Eta a, Erie Canal Harbor Development Corporation a ap sipòte epi ankouraje kreyasyon enfrastrikti ak aktivite piblik nan Canalside, koridò Ohio Street ak Outer Harbor ki atire yon mas envestisman kritik, prive epi amelyore jwisans bò lanmè a pou rezidan ak touris nan lwès New York yo. Vizyon li se revitalize bò lanmè rejyon Lwès New York la epi retabli kwasans ekonomik nan Buffalo ki baze sou eritaj fyète, enpòtans iben ak bote natirèl rejyon an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)